

Règleman Enskripsyon pou **MATCH CHARTER PUBLIC SCHOOL**

Elijiblite

Lekòl endepandan yo se lekòl piblik e pakonsekan yo ouvè pou tout elèv Massachusetts selon disponiblite plas. Match Charter Public School sèvi klas K1 jiska 12yèm ane, pou elèv ki gen laj 4 a 21 an. Nouvo elèv yo aksepte nan pwen antre prensipal nou yo nan K1 ak 1ye ane, epi selon disponiblite plas jiska 10yèm ane.

Match Charter Public School pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans, sèks, idantite seksyèl, etnisite, oryantasyon seksyèl, andikap mantal oswa fizik, laj, zansèt, pèfòmans atletik, bezwen espesyal, konpetans nan lang angle a oswa nan yon lang etranje, oswa reyalizasyon akademik anvan. Anplis, Match Charter Public School pa ka fikse kritè admisyon ki gen entansyon fè diskriminasyon oswa ki gen efè pou fè diskriminasyon ki baze sou okenn nan karakteristik sa yo. (G.L. c. 71, § 89(m); 603 CMR 1.05(2)).

Kandida yo dwe rezidan Massachusetts pou aplike pou admisyon epi pou yo ka ale nan yon lekòl endepandan nan Massachusetts. Match egzije pou kandida yo reyisi klas anvan klas y ap chèche admisyon an. Nan ka kandida pou klas K1, pa gen okenn eksperyans lekòl anvan ki nesèsè; sèl kondisyon an se pou kandida yo gen 4 an nan dat 1ye septanm pou yo kalifye. Elèv ki gen 5 an anvan 1ye septanm p ap kalifye pou antre nan K1 nan ane admisyon sa a epi yo dwe aplike pou klas K2. Nan ka kandida pou klas 1, pa gen okenn eksperyans lekòl anvan ki nesèsè; sèl kondisyon an se pou kandida yo gen 6 an nan dat 1ye septanm pou yo kalifye.

Yo bay sèvis edikasyon espesyal bay elèv yo an akò avèk lwa edikasyon espesyal leta ak federal yo, M.G.L. C.71B ak Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape (IDEA) ansanm ak règleman ki aplike lwa sa yo. Direktè Edikasyon Espesyal la ak Pwofesè Edikasyon Espesyal yo kenbe tout dosye edikasyon espesyal yo an akò avèk lwa leta ak federal yo, kowòdone tout revizyon IEP anyèl yo, òganize devlopman pwofesyonèl pou anplwaye ansèyman ak leson patikilye yo, kowòdone reyinyon aranjman chak semèn ak fakilite ansèyman yo, epi sipòte pwofesè ak titè yo nan fè modifikasyon apwopriye nan kourikoulòm, evalyasyon ak ansèyman. Tout aplikan yo pral resevwa yon notifikasyon alekri sou dwa elèv ki gen divès bezwen aprantisaj pou ale nan Match Charter Public School epi pou resevwa aranjman ak sèvis sipò, tankou elèv ki ka gen andikap, ki bezwen edikasyon espesyal oswa ki se elèv k ap aprann lang angle (603 CMR 1.05(4)). Disponibilite sèvis yo enkli nan materyèl sansibilizasyon, manyèl elèv yo ak sou sit entènèt lekòl la (603 CMR 1.05(4)).

Match Charter Public School pa chaje yon frè aplikasyon pou admisyon oswa itilize ankourajman finansye pou rekrite elèv yo.

Rekritman

Pwosesis rekritman an se yon efò vaste ki fèt nan tout vil la, ki konsantre anpil sou aktivite dijital ak sou entènèt, anplis piblisite ak pataj enfòmasyon nan plizyè katye nan Boston. Nou patisipe tou nan fwa lekòl piblik endepandan anyèl ki fèt nan tout Boston, nan yon kote santral nan Boston. Nan materyèl rekritman nou yo ak konvèsasyon nou yo ak fanmi potansyèl yo, nou mete aksan oralman ak alekri ke tout elèv yo akeyi nan lekòl nou an epi y ap sèvi ladan l, sa gen ladan elèv ki gen IEP epi ki gen oswa pral gen bezwen espesyal.

Match Charter Public School bay enfòmasyon sou lekòl la bay moun ki enterese pandan tout ane a. Match Charter Public School gen epi li aplike yon plan rekritman ak retansyon elèv jan sa dekri nan G.L c.71, § 89(f); 603 CMR 1.05(1). Pwosesis enskripsyon Match Charter Public School la konplètman separe de pwosesis Distri Lekòl Piblik Boston an ak lòt lekòl endepandan Commonwealth yo ki itilize sistèm Aplikasyon Lekòl Entènèt Boston Charter la.

Pwosesis aplikasyon

Aplikasyon admisyon Match Charter Public School la disponib prensipalman sou entènèt atravè sitwèb SchoolMint la. Fanmi ak elèv ki enterese yo ap kapab jwenn aksè nan aplikasyon an sou entènèt la lè yo tape URL la dirèkteman (bostoncharterschools.schoolmint.net), oubyen lè yo mete yon lyen ki mennen nan aplikasyon an sou sitwèb Match Charter Public School la (www.matcheschool.org). Kandida ki kalifye yo ap kapab chwazi Match Charter Public School ak/oswa yon kantite lòt Commonwealth Charter Schools pou yo voye aplikasyon yo ba yo. Kandida yo dwe yon rezidan Massachusetts pou aplike pou admisyon epi pou yo ale nan yon lekòl charter nan Massachusetts.

Aplikasyon admisyon an ap disponib tou an kopi fizik nan biwo prensipal Match Charter Public School la ki sitiye nan 215 Forest Hills Street, Jamaica Plain, 02130, Sant Akèy Lekòl Piblik Boston yo (kote yo ye nan tout vil la jan yo dekri la a: <http://www.bostonpublicschools.org/page/6539>) ak lòt kote reyinyon piblik. Yo dwe voye aplikasyon fizik yo pa lapòs atravè USPS oubyen yo dwe pote yo alamen nan biwo prensipal Match Charter Public School ki sitiye nan 215 Forest Hills Street, Jamaica Plain, 02130 oubyen nan nenpòt nan lekòl ki itilize Aplikasyon Boston Charter School la. Yo p ap aksepte aplikasyon pa faks oubyen imèl.

Aplikasyon an, ni sou entènèt ni an papyè, ap disponib nan plizyè lang pou reflète prensipal gwoup lang yo nan Boston. Tout aplikasyon yo dwe rive nan dènye jou fevriye chak ane anvan 11:59 pm. Pa gen okenn dat limit pou aplikasyon direktè lekòl yo oswa lotri enskripsyon pou admisyon elèv pou ane lekòl k ap vini an ki pral fèt anvan 1ye janvyè epi pa pita pase 15 mas chak ane (603 CMR 1.05(3)(c)). Y ap bay yon avi dat limit Fòm Aplikasyon an omwen yon mwa davans sou sit entènèt nou an (603 CMR 1.05(5)). Y ap voye yon imèl oswa yon tèks bay tout elèv nou te resevwa Fòm Aplikasyon yo pou yo kòm yon avi ke nou te resevwa Aplikasyon yo epi y ap mete l nan lotri nou an. Match p ap aksepte aplikasyon apre dat limit 28 fevriye a. Yon Fòm Aplikasyon ki gen enfòmasyon ki fo oswa ki pa kòrèk konsènan kondisyon rezidans oswa kondisyon laj nan K1 ap lakòz yon anilasyon òf admisyon an. Tout kominikasyon ak fanmi yo ap fèt nan lang matènèl paran yo.

Match Charter Public School la **egzije**:

1. Kandida yo dwe rezidan Massachusetts pou aplike pou admisyon epi pou yo ka ale nan yon lekòl endepandan nan Massachusetts. Match egzije pou kandida yo fini avèk siksè klas anvan klas y ap chèche admisyon an. Nan ka kandida pou klas K1, pa gen okenn eksperyans lekòl anvan ki nesèsè; sèl kondisyon an se pou kandida yo gen 4 an nan dat 1ye septanm pou yo kalifye. Elèv ki gen 5 an anvan 1ye septanm p ap kalifye pou antre nan K1 nan ane admisyon sa a epi yo dwe aplike pou klas K2. Nan ka kandida pou klas 1, pa gen okenn eksperyans lekòl anvan ki nesèsè; sèl kondisyon an se pou kandida yo gen 6 an nan dat 1ye septanm pou yo kalifye.
2. Elèv yo dwe prezante prèv rezidans yo (rezidan Massachusetts) lè yo ofri yo admisyon an, epi pou yo ka ale nan lekòl la (egzanp prèv rezidans ki nan lis anba a).
3. Pou yo bay preferans prensipal pou admisyon a frè ak sè elèv ki "kounye a ale nan" lekòl la epi pou yo bay dezyèm preferans lan a rezidan Boston, dapre règleman Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts.
4. Prèv rezidans rezonab eksepte nan ka elèv ki sanzabri (G.L. c. 71 § 89(m); 603 CMR 1.05(6)(b)); pa egzanp, yon fòm prèv akseptab ta gen ladan: DE nan dokiman sa yo (atik yo pa ka soti nan menm pwèn an):
 - Yon bòdwo sèvis piblik (pa dlo oswa telefòn selilè) ki date nan 60 dènye jou yo
 - on akte pwopriyete, yon peman ipotèk ki date nan 60 dènye jou yo, oswa yon bòdwo taks sou pwopriyete ki date nan ane ki sot pase a
 - Yon kontra lokasyon aktyèl, yon akò Seksyon 8, oswa yon afidavit pwopriyete a
 - Yon fòm W2 ki date nan ane a oswa yon fichye pewòl ki date nan 60 dènye jou yo
 - Yon deklarasyon labank oswa yon deklarasyon kat kredi ki date nan 60 dènye jou yo
 - Yon lèt ki soti nan yon ajans gouvènman apwouve* ki date nan 60 dènye jou yo

* **Ajans gouvènman apwouve yo:** Depatman Revni (DOR), Sèvis pou Timoun ak Fanmi (DCF), Asistans Tranzisyonèl (DTA), Sèvis pou Jèn (DYS), Sekirite Sosyal, nenpòt kominikasyon sou Papyè ak Antet Commonwealth of Massachusetts.

Règleman rezidans sa a pa aplike pou elèv ki pa gen kay. Elèv ki ka konsidere kòm sanzabri yo kalifye pou aplike epi pou enskri nan Match. Pou detèmine preferans pou admisyon ki baze sou rezidans, prèz rezidans lan pral trete sou yon baz ka pa ka pou detèmine ki kote yon elèv ki ka sanzabri ap viv.

epi fòtman konseye ak mande:

5. Paran/gadyen legal ak elèv yo patisipe nan yon sesyon enfòmasyon ak yon sesyon oryantasyon anvan enskripsyon an (prezans pa obligatwa kòm yon kondisyon pou enskripsyon).

Match Charter Public School la p ap:

1. Bay preferans pou pitit manm pèsònèl yo oswa manm Konsèy Administrasyon an;
2. Bay preferans pou frè ak sè elèv yo aksepte nan lekòl la men ki poko vini; oubyen
3. Fè deklarasyon nan reyinyon ki gen entansyon dekouraje, oubyen ki gen efè dekouraje, paran/gadyen elèv ki andikape, elèv ki pa pale anglè byen, oubyen nenpòt lòt gwoup elèv pwoteje pou yo pa soumèt yon fòm enskripsyon lotri bay lekòl la. Gade M.G.L. c. 71, § 89(1).
4. Egzije siyati de paran/gadyen sou aplikasyon an.
5. Administre tès bay kandida potansyèl yo oubyen baze enskripsyon an sou rezilta nenpòt tès kapasite oswa reyalizasyon (603 CMR 1.05(3)(a)).
6. 6. Sèvi ak ankourajman finansye pou rekrite elèv yo.
7. Enpoze yon frè aplikasyon pou admisyon (603 CMR 1.05(3)(a)).
8. Egzije elèv potansyèl yo oswa fanmi yo pou yo patisipe nan entèvyou oswa reyinyon enfòmasyon kòm yon kondisyon pou aplikasyon, admisyon ak prezans (603 CMR 1.05(3)(a)).
9. Egzije soumèt nimewo sekirite sosyal elèv la.

Okenn enfòmasyon yo mande nan aplikasyon an, tankou lang yo pale lakay oswa ras/etnisite, pa gen entansyon pou oswa itilize pou fè diskriminasyon.

Loteri ak Pwosis Enskripsyon

Lekòl Piblik Match Charter sèvi elèv klas K1 rive 12yèm ane, pou timoun ki gen laj 4 a 21 an. Nou aksepte nouvo elèv nan pwèn antre prensipal nou yo nan K1 epi selon plas ki disponib jiska 10yèm ane. Nan ka ta gen mwens plas pase aplikan ki kalifye, y ap aksepte elèv yo pou admisyon pa yon pwosis lotri (603 CMR 1.05(6)(a) ak (c)). Kantite plas pou tout klas nou yo detèmine pa objektif maksimòm enskripsyon ki etabli nan charter la: 1250 elèv nan K1 rive 12yèm ane. Kantite plas nan klas K1-10yèm ane detèmine chak ane dapre egzijans pou ranpli klas yo, dapre règleman lekòl charter Massachusetts ki modifiye yo. Kantite total elèv ki ale nan yon lekòl charter nan yon ane lekòl bay pa ka depase kantite total elèv ki nan rapò pre-enskripsyon lekòl la ki te soumèt bay Depatman an nan sezon prentan anvan an, an akò ak 603 CMR 1.08(5).

Si kantite elèv k ap aplike yo depase kantite plas ki disponib yo, yo fè yon tiraj osò piblik. Yo fè tiraj osò a pou admisyon an nan mwa mas chak ane (pa pita pase 15 mas). Y ap bay avi dat tiraj osò a omwen yon semèn anvan chak tiraj osò (603 CMR 1.05(9)). Yo fè tiraj osò a an piblik nan lekòl la nan youn nan kanpis lekòl la, y ap detèmine l chak ane, epi yo bay kote a nan avi piblik la. Yo fè tiraj osò a elektwonikman, epi yon pati net sipèviz pwosis la pou sètifye ke pwosis la jis epi ke seleksyon an fèt o aza (603 CMR 1.05(9)). Yo avize paran yo sou aplikasyon tiraj osò a ke yo tire non elèv yo piblikman, epi yo ba yo opòtinite pou yo chwazi pou yo pa patisipe atravè yon nimewo yo bay.

Tout aplikan ki te soumèt anvan dat limit aplikasyon an ap antre nan tiraj osò a. Chak aplikan ap resevwa yon lòd klasman ki pwodui o aza epi apre sa y ap aplike preferans pou admisyon (oswa y ap pran l an konsiderasyon).

Frè ak sè elèv ki aktyèlman nan Match Charter Public School nan moman yo ofri yo admisyon an ap gen preferans pou admisyon sou moun ki pa gen frè ak sè, kit se frè ak sè ki aplike a ki rete Boston oswa non (603 CMR 1.05(6)(b)). Pou yo konsidere kòm frè ak sè, elèv yo dwe gen yon paran komen, swa byolojikman oswa legalman atravè adopsyon (603 CMR 1.02). Moun ki abite Boston ap gen preferans sou moun ki pa abite Boston.

Yo fòme yon sèl lis datant pou chak klas ki baze sou seleksyon orijinal lotri elektwonik o aza a. Lòd plasman yon elèv sou yon lis datant ka chanje selon preferans ki egziste nan moman yo ofri yo admisyon an, tankou yon elèv k ap monte sou yon lis datant akòz frè ak sè li k ap ale nan lekòl la kounye a oswa chanjman nan sitiyaasyon rezidansyèl li (603 CMR 1.05(10)). Yo pral avize chak fanmi atravè kont aplikasyon sou entènèt yo (swa yon tèks, yon imèl, oswa toude, selon preferans kominikasyon yo chwazi a) sou rezilta yo nan lotri a. Rezilta lotri a ak chanjman nan lis datant lan disponib tou an tan reyèl pou chak fanmi nan kont aplikasyon sou entènèt yo a

Elèv ki ta lakòz distri ki voye elèv la depase limit lajan pou peye lekòl la pa ka jwenn admisyon, men y ap rete sou lis datant lan. Nan ka kote admisyon bay yon elèv ki pa frè ak sè yon lòt elèv ki nan lekòl endepandan an kounye a, ki soti sou lis datant lan ta depase limit lajan pou peye lekòl endepandan distri a, yo pa ta dwe konsidere elèv la men yo ta dwe kenbe l sou lis datant lan. Nan ka kote enskripsyon yon elèv ki se frè ak sè yon elèv ki deja nan yon lekòl endepandan ta depase limit lajan pou peye lekòl endepandan distri a, epi lekòl la pa t admèt lòt elèv anvan li te admèt frè ak sè a, yo ka ofri frè ak sè a admisyon epi Commonwealth of Massachusetts ap bay frè ak sè a lajan pou peye lekòl, dapre apwopriyasyon. G.L. c. 71, § 89(i); 603 CMR 1.05(10)(b).

Apre Lotri a, paran yo gen de semèn (apati dat yo fè òf la) pandan mwa mas rive jiyè pou yo rezève yon plas nan nouvo klas la, ansanm ak prèv rezonab sou sitiyaasyon frè ak sè yo ak rezidans yo (603 CMR 1.05(10)(a)). Si nou pa resevwa akseptasyon yo nan peryòd tan sa a, òf la ap anile epi elèv la p ap gen okenn lòt dwa espesyal. Elèv yo dwe kòmanse ale lekòl la nan dis (10) jou apati dat kòmansman prevwa yo a (pa egzanzp, premye jou lekòl la) dapre règleman prezans lekòl la. Si yon elèv pa ale lekòl la, lekòl la ap sipoze elèv la refize òf admisyon yo a. Òf admisyon an ap anile epi elèv la p ap enskri. Si elèv la vle yo konsidere l ankò pou admisyon, li dwe reaplike nan yon sik aplikasyon alavni.

Nou prevwa ke gen kèk elèv ki pral refize ale nan Match Charter Public School, e sa ap lakòz non pou yo tire sou lis datant lan. Si yon elèv sispann ale nan lekòl endepandan an oswa refize admisyon, pwochen elèv ki disponib sou lis datant lan pou klas sa a, dapre preferans yo nan moman admisyon an, ap jwenn yon òf admisyon jiskaske plas vid la ranpli. G.L. Chapit 71, § 89(n). Yo rele paran yo nan lòd, avèk konsiderasyon preferans yo, pou yo ofri admisyon nan lis datant lan pou klas sa a jiskaske plas vid la ranpli. Paran yo gen 1 semèn (apati dat yo fè òf la) pandan mwa Out rive Oktòb, pou yo aksepte admisyon an lè yo voye yon fòm akseptasyon ki siyen ban nou ansanm ak prèv rezonab sou sitiyaasyon frè ak sè yo ak rezidans yo. Pou mwa Novanm rive Fevriye, paran yo gen 4 jou (apati dat yo fè òf la) pou yo aksepte òf admisyon an. Si nou pa kapab jwenn yon paran pa telefòn, n ap voye yon avi nan adrès ki endike sou lapòs aplikasyon an, pou ofri admisyon an epi endike dat limit pou reponn. Yo p ap admèt okenn elèv anvan lòt elèv ki kalifye sou lis datant lan, eksepte nan ka kote preferans enskripsyon yo chanje oubyen jan sa dekri nan 603 CMR 1.05(10)(b); 603 CMR 1.05(8).

Kòm Match Charter Public School prevwa yon gwo rapò aplikasyon-plas, yon fwa dat limit aplikasyon an fini, yo p ap aksepte okenn lòt aplikasyon jiskaske pwochen ane lekòl la.

Si yon elèv retire kò l nan Match Charter Public School, li dwe ranpli dokiman alekri oswa yon fòm retrè epi li dwe kominike vèbalman ak paran ak/oswa gadyen legal la epi/oswa li dwe pwograme yon reyinyon retrè ak paran/gadyen legal la. Yon elèv ki retire kò l epi ki vle re-enskri ap gen pou l aplike ankò atravè lotri a.

Match Charter Public School oblije ranplase elèv ki nan klas K1 rive 5yèm ane, epi li pral ranplase elèv ki nan klas 6-10 an fakiltativman lè gen plas ki disponib jiska 15 fevriye. Yo pral ranpli plas ki vid nan klas 6-10 yo selon bezwen pwogram akademik yo, bezwen pèsònèl, konsiderasyon finansye, ak gwozè gwoup elèv yo. Lekòl la pa ranplase elèv ki nan klas 11-12.

Kòm rezilta tiraj osò anyèl la, yo fòme yon sèl lis datant pou chak klas. Lis datant sa yo baze sou seleksyon orijinal lotri elektwonik o aza a. Lòd plasman yon elèv sou yon lis datant ka chanje selon preferans ki egziste nan moman yo pwolonje yon òf admisyon, tankou yon elèv k ap monte sou yon lis datant akòz frè ak sè li ki kounye a ap etidye oswa chanjman nan sitiyasyon rezidansyèl. Nou kenbe dosye egzat sou lis datant la pou chak klas, ki gen ladan non elèv yo (premye, dezyèm non, siyati), dat nesans, vil oswa bouk kote yo rete, ak nivo klas elèv ki te antre nan lotri a men ki pa t jwenn admisyon (G.L. c. 71, § 89(n); 603 CMR 1.05(10)(a)).

Si pwosesis enskripsyon prensipal la pa rive pwodui yon kantite elèv ki enskri adekwa, oswa si lis datant la fini lè yo ranpli lis la apre sa, yo ka repete pwosesis lotri a. Yo swiv pwosesis lotri ki obligatwa a ak anpil atansyon, ki gen ladan notifikasyon piblik ak dat limit (603 CMR 1.05(8)). Lekòl Piblik Match Charter p ap admèt elèv ki depase kantite elèv lekòl la apwouve pou enskripsyon an. Lis datant lan rete sèlman pou ane lekòl kote elèv yo t ap chèche admisyon an.

Yon plas vid ki pa ranpli apre 15 fevriye a ap deplase nan klas ki vin apre a, pou ranpli nan mwa septanm ki vin apre a depi klas sa a pa nan klas 10, 11, oswa 12. Plas pou elèv ki te aksepte yon òf admisyon nan lekòl charter la men ki pa janm ale ladan l yo egzante. 603 CMR 1.05(10)(c).

Divilgasyon

Match Charter Public School pap divilge enfòmasyon elèv sof si lalwa pèmèt sa. Jan lalwa egzije sa, Lekòl Piblik Match Charter ap bay non ak adrès elèv yo bay Lekòl Piblik Boston yo, Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè a, nenpòt lòt lekòl ak sistèm lekòl kote pitit mwen an te deja enskri, nenpòt depatman gouvènmanal, founisè sèvis sante oswa sosyal, oswa lòt biwo ki gen aktivite ki gen rapò dirèkteman ak pwogram oswa sèvis elèv la resevwa nan lekòl endepandan k ap resevwa a. Epi tou, jan lalwa egzije sa, (G.L. c. 71, § 89(g); 603 CMR 1.05(6)(e)) Lekòl Piblik Match Charter ap bay non ak adrès yo bay yon twazyèm pati pou voye lapòs sof si paran an mande pou lekòl la kenbe enfòmasyon pitit yo a. Anplis de sa, Lekòl Piblik Match Charter ka bay tout enfòmasyon anyèl ki otorize (ki gen ladan non ak adrès elèv yo) anba 603 CMR 23.07(4)(a) bay twazyèm pati sof si paran an mande pou lekòl la kenbe enfòmasyon pitit yo a. Paran ki vle mande pou yo pa divilge enfòmasyon pitit yo ki nan anyèl a ka endike demann yo pandan y ap ranpli pwosesis aplikasyon an, yo ka kontakte nou nan admissions@matcheducation.org oubyen yo ka rele lekòl la. Y ap bay paran yo fòm pou refize enfòmasyon yo pa lapòs oubyen pa imèl.

Mizajou: Avril 2023